

*Рис.2. Заправка по схеме петля. Рис.1 Прибор ИПП.*

*Таблица 2. Зависимости числа циклов до разрыва от угла самоистирания*

| Вариан тов | Угол исти-рания, $\varphi$ | Число циклов до разрыва, n |
|---|---|---|
| 1 | 60 | 265 |
| 2 | 70 | 400 |
| 3 | 80 | 479 |
| 4 | 90 | 611 |
| 5 | 100 | 702 |
| 6 | 110 | 879 |
| 7 | 120 | 1248 |

Напряжения в нити при самоистирании формирует-ся действием как нормальных $F_н$ так и тангенциальных $F_T$ сил, действующих в каждой точке контакта «нить-нить» [2]. При этом согласно схема заправки нити:

$$F_H = 2P\cos\frac{\varphi}{2} \qquad 0 \le \varphi \le \pi$$

При постоянном $P = P_0$ зависимости от величины угла $\varphi$ когда меняется соотношение между $F_H$ и $F_T$, в местах контакта нитей при самоистирании происходят сложные процессы, связанные как силами трения $F_{TP} = fF_H$ $f$-коэффициент трения , так и с деформа-цией нитей.




Рис.3. График зависимости число циклов самоисти-рания до разрыва от угла самоистирания

Из полученных результатов можно сделать следую-щие выводы:

1) с уменьшением угла истирания $\varphi$ увеличивается $F_H$ , в местах контакт увеличивается сжатие нитей, сопровождающееся нарушением фрикционных связей волокон в пряже или элементарных нитей в комплекс-ной СВМ нити. При этом происходит усиленное внед-рение одной нити в другую, увеличивается площадь фактического контакта нитей, поверхности истирания и, таким образом, возрастает $F_{TP}$.

2) Увеличение же за счёт $F_{TP}$ тангенциальных сил $F_T$ приводит в процессе самоистирания к смещению вдоль нити отдельных волокна и даже их выдергива-ние. Больше выдергивание происходит, когда нить с меньшей круткой характерно к данной СВМ нити.

3) С увеличением угла истирания увеличивается число циклов самоистирания до разрыва.

4) Наибольшая ориентация кристаллов и высокое значение степени кристалличности ($\varphi = 17°$, 84,1% ) СВМ волокна определяет высокие показатели её меха-нических свойств (39,9*$10^2$ Н) в исследуемой темпера-туре. Эти показатели влияет на долговечность исследу-емого волокна на самоистиранию.

**Литература**

1. Малкин А.Я., Аскадский А.А. Методы измерения механических свойств полимеров. -М.: Химия, 1978, -С. 238.
2. Кобляков А.И., Селиверстов В.В. Об износостойкости нитей при самоистирании по методу петли. Тезисы докладов X Все-союзной конференции по текстильному материаловедению. Ч.1. –Львов: 1990, -С. 3-10.
3. Турманов И. и др. Отчёт по теме «Определение взаимосвязи между механическими и структурными характеристиками материалов ТЗП». –Нукус: 1983, -С. 128.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ўта юқори модулли синтетик толанинг ўз-ўзига ишқаланишидан емирилиши сиртмоқ услубида ўрганилган. Ишқаланиш бурчагининг ортиши билан узилишгача ишқаланиш сонининг артиши аниқланган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье приведены результаты исследования износа до разрыва свехвысокомодульного синтетического волокна по методу петли. Определено что с увеличением угла истирания, увеличиваются число циклов истирания до разрыва.

**SUMMARY**

The article presents the results of a study of the wear before breaking from a high-modulus synthetic fiber using the loop method. It is determined that by an increase of the abrasion angle, there is an increase in the number of abrasion cycles before rupture

## XALÍQ PEDAGOGIKASÍNDA BALALALARDÍ TÁRBIYALAWDA DENE TÁRBIYASÍNÍŃ ÁHMIYETI

**G.Zarımbetova** - *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındagı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: pedagogika, xalq pedagogikasi, bola tarbiyasi, adob-axloq, jismoniy tarbiya, ota-ona.

**Ключевые слова:** педагогика, народная педагогика, детское воспитание, манера и поведение, физическое воспитание, родители.

**Key words**: pedagogics, folk pedagogics, education of a children, manners and behavior, physical education, parents.

Xalıq pedagogikası turmıstaǵı hár qıylı nárselerge uqıplı, ushırasqan qıyınshılıqlardı shıdamlılıq penen jeńip shıǵatuǵın quwatlı jaslardı jetilistirip tárbiyalaw kerekligine ayrıqsha dıqqat qaratadı. Bunda aldı menen balanıń deni saw bolıp ósiwin maqset etip adamnıń kúndelikli tirishilikte zárúrli bolatuǵın tiykarǵı dene sapalılıǵın, tez háreket etiwin, shaqqan qıymıldısı zárúr ekenligine tárbiyalawdı erkin, ıqtıyarın ózinde uslap tutıwın qáliplestiriwdi, miynetke uqıplılıqqa hám eldi dushpannan qorǵawǵa ǵayrat salatuǵın batırlarǵa tán kónlikpeler payda etiwdi názerde tutqan. Jaslardı dene jaǵınan quwatlı etip tárbiyalaw barısında tiykarǵı dıqqattı adamnıń ómir jasın uzaytıwǵa, sonday-aq kóp jasawshılıǵına qaratqan. Insan ushın eń qádirli nárse onıń ómiri, tiri jasawı ekenligin, awırmay, sırqalanbay uzaq jasaw bálent baxıt bolıp esaplanatuǵınlıǵın túsindiriw barısıhda geyde jaslayınan awırıwǵa shalınǵan biytap bolǵanlarǵa ayanısh penen qarap, «Awırıw azabın saw bilmeydi», «Densawlıq- tereń baylıq», «Awrıwdıń aldın al», dep naqıl keltirgen xalıq deni saw bolıp, uzaq ómir súriwdi insannıń birinshi maqseti dep esaplanǵan.

Úlken qáriyalar jaslarǵa jaqsılıq isleri ushın pátiya bergende «Ilayım jasıń uzaq bolǵay», «Ay júr, aman júr» dep duwa qılǵan. Insan dúńyanıń qızıǵın kórip kóp jasawı, miynet etip unamlı at qaldırıwı lazım. Deni saw ǵayratlı adamlardı xalıq ayrıqsha jaqsı kórip húrmetlegen, oǵan

háwes penen qaraǵan. Bazda birewlerdi qartaysa da «bir tisi túspegen qarıwlı adam eken» dep bahalaǵan. Geyde kózi jaqsı kóretuǵın kempirlerdi «Ele iyneni ózi sabaqlap tigedi» yamasa «qartaysa da beli búgilmegen» dep ádewir jasına qaramastan densawlıǵı bekkem adamlardı úlgi etip kórsetip, óz ara maqtaytuǵın bolǵan. Kekselik kelgen bolsa da jas jigittey atqa shaqqan minetuǵın ǵarrılardı bolsa «Ele atqa ırǵıp minedi»-dep súysinip qaraǵan. Al, erinshek, biraq fizikalıq jaqtan quwatlı, qáliplesken jaslardı xalıq «ǵarrı quraqım joqsan, isheginde qartayǵan yamasa ishten qartayıp tuwılǵan» dep mazaqlaytuǵın bolǵan.

Xalıq pedagogikası adamdaǵı ruwx penen denege tiyisli quwatlılıqtı óz ara baylanıslı dep sanaǵan. Insan fizikalıq kúshti iyelegen menen qorqaq bolsa, onda kúshtiń paydası joq, adamǵa kushke say keletuǵın, hátteki onnan da artıǵıraq qáliplesken júrek, batırlıq ruwxı bolıwı lazım dep xalıq dene tárbiyasınıń nátiyjesin jaslarǵa joqarǵı morallıq hám erk kúshin tárbiyalaw menen de baylanıslı túsindiredi. Qara kush adamdaǵı bekkem ózin tuta biliw, ádep-ikramlılıq penen baylanıslı qáliplesiwi tiyis dep bayanlaǵan xalıq jaslardı fizikalıq morallıq jaqtan jaqsı qáliplestire otırıp, dene tárbiyasınıń xalıqlıq sistemasınan turmıstaǵı ádalatsızlıq, teńsizlik islerine qaray gúresiwde keń paydalanıp kelgen. Xalıq dástúrinde tuwılatuǵın balanıń densawlıǵınıń jaqsı bolıwı ushın kelińine ele úylenbesten burın ǵamqorlıq islengen. Bul aldı menen jaqsı kelin hám kúyew tańlaw isinen baslanǵan.

Xalıq qalıńlıq bolıp esaplanǵan qızdıń da,uldıń da uzın boylı, keń qushaqlı, dene qurılısı sımbatlı, densawlıǵı mıqlı bolıwın jaqsı kórgen. Qalıńlıq tańlanǵanda úy bolatuǵın qız jigittiń tuwısqanlıq jaqtan jaqın bolıwına ulıwma jol qoyılmaǵan. Shınında da, qaraqalpaq xalqı balalarına óz urıwınan qız alıwǵa ruxsat etpeydi. Morallıq jaqtan bul uyat is dep te esaplanılǵan. Al, xalıq medicinası bunıń aqıbetinde tuwılǵan balalar nárenjan bolıp dúńyaǵa keletuǵının dáliyllep bergen. Usı sebepli xalıq óz zúriyatlarınıń dene jaǵınan saw- salamat tuwılıwı ushın jaslarǵa qalıńlıq tańlaǵanda basqa ruwlardan quda túsiwdi qatań talap etken. Usılay etkende bala ata- anadan saw hám salamat tuwıladı dep esaplaǵan. Tuwılǵan náreste eń dáslep, dene tárbiyasın tiri jan sıpatında ózin háreketke keltire baslawı arqalı ala baslaydı. Ayaq- qolın qıymıldatıp, keńislikti sezedi. Usı háreketlerdi tákirarlaw arqalı bala qorshap turǵan ortalıǵın ańlay baslaydı. Enbekleydi,soń jatıp ayaqların sermeydi. Úzliksiz juwıradı, tórt- bes jaslarında birin-biri quwadı bir orında turıp sekiredi, qolındaǵı zattı ılaqtırıp izinen juwıradı.

Ásirese, bul dáwirde balalar ózin qorshaǵan keńisliktegi zatlardı tanıy baslaydı. Olardı baqlap, sınap kóredi ózine tanısların bilgisi keledi hám seziw aǵzaları sınaladı, zatlar menen oyınshıqlardıń sırın, qásiyetin biliwge qumarlanadı. Belgili bir túsiniklerdi elesletiw júzege kele baslaydı. Zatlardıń ózine tán qásiyetlerin biledi. Balalardıń sezimi onıń túsinigine salıstırǵanda zárre aldınıraq rawajlanıwǵa erisken, ásirese esitiw sezimleri aqılınan ilgeri júzege kelgeni málim. Usı sebepli, balanıń bul dáwirde kórgenin qaytalawǵa umtılıw háreketi kúshli boladı. Oyın waqtında bala kórgeniniń bárine ásirese úlkenlerge kóp elikleydi. Olardıń islegenine háwes etedi. Bul demek,ózin-ózi tárbiyalawdıń bir usılı ekenligin xalıq jaqsı bilgen.

Xalıq pedagogikasında balalardıń jas waqtınan otırıw háreketiniń de bir neshe úlgi alarlıq túri bar. Saqqa júginip otırıw, oń yaki shep dizerlep otırıw, maldas qurınıp otırıw hám t.b. bolǵan. Saqqa júginip otırıw kóbinese mektepte, medresede sabaq oqıp otırǵanda orınlanǵan. Al, adamnıń sıpayı ádepliligine kórik qosatuǵın bir dizerlep otırıw otırıspaqlarda sıylı qonaqlar bar jerde talap etilgen. Lekin, ákesi bar jas balalarǵa maldas qurınıp otırıwǵa ruxsat etilmegen. Bunday etip otırıw olardıń ákesine jamanlıq keledi degen ırımǵa baylanıslı bolǵan. Maldas qurınıp otırıw tek erkeklerge ǵana ruxsat etilgen. Xalıq jaslardı otırıwǵa úyretkende olardıń dene jaǵınan durıs qáliplesiwin hám islenip atırǵan is túrine qaray qolaylı otırıwǵa úyretiw kóp qırlı dene tárbiyasınıń bir túri esaplanǵan. Sonday-aq, dene tárbiyasın beriwdiń bir usılı balalardıń waqtında uyqılap dem alıwın shólkemlestiriw bolǵan. Besik jırı olardıń tınıǵıp uyqılawın ámelge asırıp dene tárbiyasın beriw xızmetin de atqarǵan. Xalıqtıń milliylik belgileriniń tiykarǵı mazmunı besik jırlarında sáwlelenip, ana óz perzentiniń batır , xalıqqa tanılǵan qaharman bolıwın árman etip, dene jaǵına saw- salamat, quwatlı bolıp qáliplesiwine tilekler aytqan. Bala háyyiwden ózin tınıshlandırıp, pútkil denesin bosatıp dem aladı. Uyqılaw densawlıqtıń bekkemleniwi hám tınıǵıp qaytadan kúsh jıynawdıń deregi esaplanadı. Adam sharshasa oǵan dárhal uyqıla, demińdi al,- dep másláhát berilgen. Bala uyıqlamasa ashıwshaq, jılawıq boladı dep balanıń uyqısına xalıq ayrıqsha kewil bólgen. Geyde awqat jeytuǵın yaki emetuǵın waqtı bolǵanda bala uyqılap atırsa uyqısın buzbayıq, dem alsın,- dep onı oyatpaǵan.

Xalıq pedagogikasında ul balalar qanday dene shınıqtırıw tárbiyasın alsa, qızlar da sonday tárbiya alıwı olardıń da bul arqalı óz densawlıǵın, quwatlılıǵın bekkemlewi lazım dep qaralǵan. Bunı «Qırıq qız» dástanındaǵı Gulayımnıń qırıq qızı menen dene shınıǵıwların islew barısınan ayqın bayqaymız. Bunda Gulayım hám onıń qırıq qızı qılıshlasıwdı, oq jay atıwdı, palwanlıq ónerin shınıǵıw jasaw arqalı sheber ózlestirilgenligi aytılǵan. Usı maqsette, qaharmanlıq dástanlardı batırdıń jaslayınan dene tárbiyasın alıp dáwdiń kúshin iyelewi, bular izbe- iz berilgen dene tárbiyasınıń shınıǵıw mashqın qılıwdıń nátiyjesi ekenligin túsindirilgen. Shınında da, xalıq batırlıqtıń ózinen ózi shıqpaytuǵının onı arnawlı túrde shınıqtırıw arqalı qáliplestiriw kerekligin jaqsı túsingen. «Qırq qız» dástanında jaslardı batır qaharman bolıwǵa tárbiyalaw haqqında Sárbinazdıń tilinen Gulayımǵa aytılǵan. «Bedew minip, jawǵa qalay barıwdı, jan anajan ush ay on kún úyrettiń» - degen sózleri bar. Usılay etip, erte zamandaǵı ásirese matriarxatlıq dáwir barısında jaslarǵa dene shınıqtırıw tárbiyasın beriwdegi bir artıqmashılıǵı, dene shınıqtırıw oyınların qızlarǵa da úyretiwinde boldı. Xalıq eldi dushpan shawıp búlginshilikke salǵanda, tek erler ǵana emes, al hayalqızlar da watandı qorǵawǵa at salısıwı tiyis, bul ushın jaslarǵa ǵalaba dene shınıqtırıw tárbiyası beriliwi lazım degen idealar bayanlaǵan. Xalıq jaslardı dene jaǵınan shınıqtırıwda balalar oyınların keń paydalanǵan.

Oyın kópshilik jaǵdayda tayar mazmunǵa iye. Háreket etiw qaǵıydaları hám izbe- izligi aldın ala belgilenip, tastıyıqlanǵan bolıp, bundaǵı baslı maqset oyın tártibin saqlap alǵa qoyılǵan wazıypaǵa erisiw bolıp esaplanadı. Oyınlar xalıq pedagogikasında óziniń oynalıw hám tárbiyalıq tásir tiygiziw xarakteri boyınsha shártli túrde tortke bólinedi,

1. Dene shınıqtırıwshı háreketli oyınlar
2. Arqanlı shınıqtırıwshı háreketli oyınlar
3. Aqıl túsinikti rawajlandırıwshı didaktikalıq oyınlar
4. Ádep- ikramlılıqtı qáliplestiriwshi hám estetikalıq tárbiya beriwshi oyınlar bolıp bólingen.

Oyınlar bul taqılette taypalastırılǵan menen olardıń elementleri geyde bir birine aralasıp júredi. Háreketli oyınlardıń mazmunı balalardı rawajlandırıwshılıq áhmiyetine iye. Al, bazı bir didaktikalıq oyınlar balalardaǵı ádep- ikramlılıq estetikalıq tamanlardı da mazmunlastırıw qásiyetlerin iyelegen. Shınında da, qaraqalpaq xalıq oyınlarınıń bir toparı jaslardaǵı intelektuallıq qubılıslardı mazmunlastırıwǵa baǵıshlanıp, olardaǵı oylanıw, pikir júritiw qábiletlerin shınıqtırıwǵa beyimlesken. Mısalı, toǵız qumalaq, bes tas, kóshpek, jumbaq, teppek, t.b oyın turleri jaslardı ózbetinshe izleniwsheńlikke májbúrleydi. Ondaǵı sheshiliwi lazım bolǵan mazmundı abstraktlı serlep, hár bir etaptı salıstırıp kóriwge ayırmashılıǵın túsinip dóretiwshilik penen basqasha jolların tabıwǵa juwmaq jasawǵa iytermeleydi.

Ásirese, háreketli oyınlar olardaǵı hárekettiń sulıw orınlanıwın qıymıldınıń anıq dál iske túsiwin jıynaqlı jeńil háreket etiwin jetilistirip usınday gózzal háreketlerden jaslardıń estetikalıq lázzet alıwın insan denesindegi epli háreketlerden zawıqlanıwın payda etedi. Balalar oyını sanı jaǵınan qızlar oyınına salıstırǵanda ádewir kóp ushırasadı. Ásirese, bul jas óspirim hám úlken jastaǵı dáwirde ayrıqsha kózge túsedi. Bunıń sebebi ,qızlar jaslayınan analarına uy ishi jumıslarına aktiv járdemshi bolǵanlıqtan qızlar ushın arnawlı oyınlar oǵada kemeyip ketken. Bul jasta olar keste toqıw kishkene úkelerin jubatıw menen bánt bola baslaǵan. Kóbinese, anasına járdemlesip, uy xojalıǵı jumısların úyreniwge kirisken. Usıǵan qaramastan, xalıq pedagogikası jaslardıń jaqsı pazıyletlerge bay, shınıqqan, turmıstaǵı qıyınshılıqlarǵa uqıplı, aqıllı adamgershilikli, dúńya gózzallıǵın sezinip er jetiwine xalıq oyınlarınıń tárbiyalıq tásirinen keń paydalanıp kelgen. Xalıqtıń bul tájiriybeleri házirgi jaslardı qáliplestiriwde de úlken áhmiyetke iye.

**Ádebiyatlar**

1. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. - Nókis: 1992.
2. Qaraqalpaq folklorı. V tom, -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1980.
3. Shılmanov P. Milliy oyınlarımızdı umıtpayıq. /«Erkin Qaraqalpaqstan». –Nókis: 1991, 10-avgust, 53-sanı.

**REZYUME**

Maqolada qoraqalpoq xalqining tarixiy tarbiya uslublari haqida aytilgan. Xalq pedagogikasida bolalarga jismoniy tarbiya berishning o'ziga xos turlari tahlil qilingan.Tarbiya turlarining bir-biriga boǵliqligi aks etgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье описываются исторические методы воспитания каракалпакского народа. Анализируются свойственные виды физического воспитания детей в народной педагогике. Рассматривается взаимосвязь между видами воспитания.

**SUMMARY**

The article describes the historical methods of Karakalpak folk education. There are analyzed specific types of physical education of children in national Pedagogics. The author also shows the relationship between types of education.

## Tálim - tárbiya teoriyası hám metodikası

**UDK: 7A8. A-15**

# BOʻLAJAK JISMONIY MADANIYAT VA SPORT OʻQITUVCHILARINING MAʼNAVIY-AXLOQIY TARBIYASINI SHAKLLANTIRISH

**N.A.Abdukarimov**– *katta oʻqituvchi*
**S.S.Tuychiyev** – *katta oʻqituvchi*
*Jizzax davlat pedagogika instituti*

**Tayanch soʻzlar:** auditoriya, maʼnaviyat, axloq, sport, gimnastika, sport toʻgaraklari, axloqiy madaniyat.
**Ключевые слова:** аудитория, духовность, этика, спорт, гимнастика, спортивные кружки, нравственная культура.
**Key words:**audience, spirituality, ethics, sports, gymnastics, sports clubs, moral culture.

Mustaqillik yillarida mamlakatimizda barcha sohalar singari, taʼlim sohasiga ham eʼtibor qaratilmoqda. Jumladan, taʼlimning barcha boʻginlari zamonga mos tarzda tubdan qayta qurilmoqda. Zero, Prezidentimiz SH.Mirziyoev Oliy Majlisga Murojaatnomada belgilab bergan vazifalar bu sohaga yanada eʼtibor qaratilayotganligidan dalolat beradi. Xususan, Oʻzbekiston Oliy pedagogik taʼlim jarayonining hozirgi bosqichida muhim vazifalaridan biri boshlangich taʼlimning sifat va samaradorligini oshirishdir [1].

Ushbu taʼkidni amalga oshirishda barcha OTMlarida boʻlajak jismoniy tarbiya va sport yoʻnalishida tahsil olayotgan boʻlajak oʻqituvchilarni yuksak darajada tayyorlashni taqozo etmoqda [2:20].

Ayniqsa, darsdan tashqari mashgulotlarda talabalarning boʻsh vaqtlarini mazmunli tashkil etish va ularni maʼnaviy-axloqiyjihatdan tarbiyalash bugungi kunning dolzarb vazifalaridan boʻlib qolmoqda.

Darhaqiqat, maʼnaviy-axloqiy tarbiya boʻlajak oʻqituvchilarning ongi, ruhi va qalbida shakllangan maʼnaviy qarashlar, axloqiy fazilatlar, ijtimoiy munosabatlarni takomillashtirish mazmunini ifodalaydi. Chunki bu masalada oliy pedagog olim taʼlim jarayonida rivojlantirish yoki takomillashtirish toʻgrisida soʻzlash kerak boʻladi. SHu jihatdan boʻlajak jismoniy tarbiya va sport oʻqituvchilarini tayyorlashda darsdan tashqari mashgulotlar nazariy va amaliy imkoniyatlariga egaligi bilan diqqatini tortadi.

Darsdan tashqari mashgulotlarning quyidagi turlari samarali ekanligi kuztilmoqda.

a) Darsgachagimnastika;
b) Koʻngilochar sport oʻyinlari;
c) Sporttoʻgaraklari;
d) Bayramlar;
e) Musobaqalar;
f) Uchrashuvlarvah.k.

Bu jarayonlarda maʼnaviy-axloqiy jihatdan tarbiyalash muayyan reja dasturga asoslanishi kerak.

Oʻqituvchi bu masalaga alohida yondashishi va oʻzining ishiga va modullariga ega boʻlishi kerak.

Darsdan tashqari mashgʻulotlarda talabalarni maʼnaviy-axloqiy jihatdan tarbiyalashda quyidagi xususiyatlariga ega boʻladi:

1)Jismoniy etuklashtirish
2) maʼnaviy onglilikni kuchaytirish
3) axloqiy madaniyatni tarkib toptirish [3:46].

Aynan jismoniy, maʼnaviy va axloqiy komillik boʻlajak jismoniy tarbiya va sport oʻqituvchilarining maʼnaviy-axloqiy tarbiyasi negizini tashkil qiladi.

SHu sababli bu negizlar darsdan tashqari mashgulotlarda tashkil qilinadigan maʼnaviy-axloqiy tarbiya ishlari mazmuni, maqsadi va muddaolarini belgilaydi. Jismoniy, maʼnaviy, onglilik axloqiy madaniyatga asos boʻlishi pedagogik omillar toʻplamida asoslab oʻtilgan [3:48].

Boʻlajak jismoniy tarbiya va sport oʻqituvchilarining darsdan tashqari mashgulotlarda maʼnaviy-axloqiy tarbiyasini tashkil qilish mazkur usullarga tayanadi:

1) Yoʻnaltirish
2) Tashkillashtirish
3) Koʻniktirish

Bunday oʻnaltirish talabalarni ideal maqsad-muddaolarga yoʻnaltirish, "takomillashtirish", ularning maʼnaviy, axloqiy va ijtimoiy fazilatlarini rivojlantirish hamda koʻniktirish esa maʼnaviyat va axloq qoidalariga amal qilish bilan qurollantirishga asoslanadi. Koʻp hollarda shakllantirish, tarkib toptirish, rivojlantirish toʻgrisida gapirilganda va bu yondashuv taʼlimning umumiy oʻrta va oʻrta maxsus bosqichlariga mos kelishini unutib boʻlmaydi [4]. SHu sababli oliy pedagogik taʼlim bosqichlariga yoʻnaltirish, takomillashtirish va koʻniktirish masalalariga eʼtibor berish, bizningcha, kutilgan samara beradi.